



AVI PIBLIK OF RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON

Se politik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) pou ofri opòtinite egal nan edikasyon ak nan travay san konsidere ras, koulè po moun, relijyon, kwayans, etnisite, peyi yon moun sòti, kondisyon imigrasyon, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon vi konjigal, andikap, preferans seksyèl, sèks (gason/fi), *status* militè, kondisyon anplwa, ansyen dosye arestasyon oswa kondanasyon (eksepte lè lalwa pèmèt sa) dapre predispozisyon karakteristik jenetik, oswa *status* viktim vyolans nan kay, enfraksyon seksyèl ak enfraksyon moun k ap siveye moun pou swiv yo, epi pou toujou mentni yon anviwònman san arasman pou okenn nan rezon ki site pi wo a, tankou arasman seksyèl oswa revanj.

Se règleman NYCDOE pou l ofri menm opòtinite pou tout moun onivo edikasyon ak travay san konsidere ras, koulè po, relijyon, kwayans, etnisite, nasyon moun sòti, kondisyon imigrasyon, kondisyon sitwayènte, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi oswa gason) oswa gwosè yon moun, epi pou mentni yon anviwònman san arasman pou okenn nan rezon ki site pi wo a, tankou arasman seksyèl oswa revanj.

Règleman sa a an konfòmite avèk Tit VI ak Tit VII Lwa 1964 sou Dwa sivil, Tit IX Amanman nan Lwa Edikasyon 1972, Lwa 1967 sou diskriminasyon poutèt laj nan anplwa, Seksyon 503 ak Seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon, Amanman Nòm pou jistis nan travay 1974, Lwa 1986 sou Refòm ak Kontwòl Imigrasyon, Lwa pou Ameriken ki gen andikap 1990, Lwa 1991 sou Dwa sivil, Lwa Dwa moun Vil ak Eta Nouyòk ak Dispozisyon Lwa kont diskriminasyon nan Konvansyon kolektif travay *Collective Bargaining Agreements* NYCDOE.

Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation* (CR) A-830 tabli pwozedi pou anplwaye, paran elèv, elèv ak lòt antite ki fè biznis avèk DOE, ki itilize bilding DOE oswa ki gen entèaksyon avèk DOE pou pote plent pou discriminasyon ilegal oswa revanj yo sibi poutèt yo pote plent sa yo. Moun ka kontakte *Office of Equal Opportunity* (OEO) oswa yo ka pote plent nan ajans nou mete pi ba yo pou pote plent. OU ka jwenn yon kopi Règleman Chanselye A-830 lan nan OEO oswa nan: www.nyc.gov/schools/oeo.

<p>Resous sou entènèt :</p> <p>Office of Equal Opportunity New York City Department of Education 65 Court Street – Room 1102 Brooklyn, New York 11201 Telefòn : 718-935-3320 Faks : 718-935-2531 Sit wèb : www.nyc.gov/schools/oeo</p>		<p>Resous ekstèn :</p>	
<p>Ou dwe kontakte pou poze kesyon konsènan Respè Tit I :</p> <p>Jennifer Becker, Koòdonatris Title IX 65 Court Street - Room 1102 Brooklyn, NY 11201 Telefòn : 718-935-4287 Imèl : Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov</p>		<p>Konsènan kesyon ki gen pou wè ak Akomodasyon §504, ou dwe kontakte :</p> <p>Ava Mopper, Direktris/Koòdonatris §504 28-11 Queens Plaza North - Room 402 Long Island City, NY 11101 Telefòn : 718-391-6117 Imèl : AMopper@schools.nyc.gov</p>	
		<p>U. S. Equal Employment Opportunity Commission New York District Office 33 Whitehall Street, 5th Floor New York, New York 10004 212-336-3620</p>	<p>Office for Civil Rights New York Office U. S. Department of Education 32 Old Slip, 26th Floor New York, NY 10005-2500 646-428-3900</p>
		<p>New York State Division of Human Rights 1 Fordham Plaza - 4th Floor Bronx, New York 10458 718-741-8400</p>	<p>New York City Commission on Human Rights 40 Rector Street New York, New York 10006 212-306-5070</p>